



Mesaj pou lè gen ijans

 PREVANSYON
AK PWOTEKSYON

Premyè semèn: Katastwòf natirèl

Mesaj ak piblikasyon pou semèn ap enfòme piblik la sou aktivite moustik yo mennen aprè katastwòf natirèl fin pase. Aprè siklòn fin pase oubyen lapli finn tonbe, kantite moustik yo ogmante nan dlo kap koule yo. Paske moustik yo ponn anpil ze nan dlo a. E ze yo vinn tounen gwo moustik sou tè a lè dlo a sèch.

Moustik ki fèt nan dlo yo pa pote maladi, men yo kapab anpeche yon moun ki malad geri. Moustik ki pote maladi yo ap repeple byen vit aprè yon catastwòf natirèl. Paske ma dlo yo ap fasilité sa. Sa ka bay gwo tèt chaje.

Objektif: Enfòme popilasyon an sou nesesite pou yo gaye ma dlo ki lakay yo. Epi pou pwogram batay kont moustik la chase moustik yo pou evite tout epidemi.

Dezyèm semèn: Epidemi

Mesaj ak piblikasyon semèn sa ap enfòme popilasyon sou efè negatif maladi kapab genyen sou sante piblik ak sou ekonomi. Lè yo flite pwodwi yo nan lè a, sa ap diminye byen vit e kòmsadwa popilasyon moustik yo. Nan menm tan sa, travay sa sa kapab redwi epidemi yo pandan l ap elimine moustik ki ta va pote maladi yo. Sitwayen yo kapab debarase dlo ki nan zòn lakay yo, bouche kote dlo kapab rantre epi kouvri epi abiye avè rad pou pwoteje yo.

Objektif: Enfòme piblik la sou jan epidemi yo grav, epi desizyon yo kapab pran pou ede pwogram batay kont poustik la rewi popilasyon moustik yo.